

Jwenn jodiya yon travay kòm Edan Swen Pèsonèl (PCA)!


Pou kòmanse : Konfigire kont PCA ou a

Note byen : Se pou w gen yon imèl ki valab pou w louvri yon kont PCA.

1. Monte nan MassPCADirectory.org.
2. Kreye yon kont PCA.
 - a) Klike sou **Mwen vle yon travay kòm yon PCA**.
 - b) Mete imèl ou a.
 - c) Nan zòn “Wòl” la, chwazi Travayè PCA (PCA Worker).
 - d) Chwazi yon modpas.
 - e) Monte nan bwat imèl ou.
 - f) Louvri imèl ou resevwa nan men info@masspcadirectory.org.
 - g) Klike sou lyen elektwonik la pou aktive kont ou an.

JWENN ÈD : Telefonnen nimewo asistans anyè PCA a nan 888-627-7722.

3. Ranpli yon pwofil PCA :
 - a) Konekte nan nouvo kont ou an apati imèl ou a e modpas ou te chwazi a.
 - b) Klike sou **Pwofil ou a** e reponn chak kesyon.
 - c) Klike sou **Bouyon** ki sou anba paj la chak 15 minit pou w anrejistre enfòmasyon ou yo.
 - d) Klike sou **Anrejistre** ki sou anba paj la pou w aktive kont ou an. Yon fwa pwofil ou a aktive, w ap retounen sou paj dakèy ou a. Tout enfòmasyon ki manke ap make anwo paj pwofil ou a.
 - e) Verifye paj dakèy ou a. Kounyela, pwofil ou ta dwe make kòm aktif.



Mwen vle yon travay PCA
Kreye yon kont travayè epi chèche travay.

Mwen bezwen anboche yon PCA
Kreye yon afiche travay epi chèche swen nan zòn mwen an.

**Nimewo asistans
elektwonik pou anyè Mass
PCA : 888-627-7722**

**lendi – vandredi
9:00 a.m. jouk 5:00 p.m. EST**

Operatè yo founi èd sou :

- Kòman pou chanje yon modpas
- Kòman pou chèche yon travay
- Kòman pou resevwa mesaj elektwonik anyè a

Wikenn e aswè :

- Kite yon mesaj vokal avèk non w e nimewo telefòn ou e yon operatè ap retounen apèl ou a.
- Voyer yon imèl 24/7 bay anplwaye nimewo asistans lan nan : info@masspcadirectory.org

Gen èd disponib nan tout lang.



**Konsèy sou bon kalite mendèv nan
swen adomisil PCA**

EHS-PCACouncil@mass.gov

MassPCADirectory.org

Suiv nou



(HT 06/2026)

Pwochen etap : Pale konsomatè-anplwayè yo de ou

Ajoute enfòmasyon nan seksyon "Pale n de ou" ki nan pwofil PCA a. Ekri detwa enfòmasyon pou w fè konsomatè-anplwayè a konnen ki konpetans pwofesyonèl ou genyen, e pa bliye konpetans ou genyen nan lavi tou :

- Èske w janm pran swen yon fanmi?
- Èske w kuit bon manje? Èske w kenbe kay ou pwòp?
- Èske w renmen aprann? Èske w aprann vit?
- Èkse w gen machin? Èske w gen yon pèmi pou kondi?
- Èske w fyab e èske w rive alè nan travay?

Dènye etap : Chèche travay ki pre lakay ou e fè aplikasyon pou yo

1. Konekte sou kont ou a. Klike sou **Chèche yon travay**.
2. Mete kantite mil ou ka deplase pou w al nan yon travay.

Chèche Afichaj Travay
Debaz oswa Avanse

Kote yo bay sèvis yo: *

Boston

Epi, Konbyen mil de vil oswa vil ki anwo a ou vle travay: *

20

Fè yon rechèch avanse sou Afichaj Travay aktyèl yo

Rechèch

3. Voye yon mesaj bay konsomatè-anplwayè yo. Klike sou **Kontakte [vil] moun ki afiche pòs travay la** ki sou kote deskripsyon chak pòs travay.

Afiche travay: PCA

Estati Travay: Aktif
Nan vil oswa vil: Jamaica Plain
Dat travay afiche/repost 1/29/2025
Deskripsyon Travay:
Aplikasyon yo ta dwe konfòtab ak
bèt kay: Pa gen preferans
Aplikasyon an ta dwe yon moun ki pa fimen: Pa gen preferans

Kontakte Jamaica Plain Job Poster

Kache Jòb Plain Jamaica

Ajoute nòt nan Jamaica Plain Job

4. Nan imèl ou ekri bay konsomatè-anplwayè yo :

- Di yo ki pi bon lè pou yo kontakte w.
- Di yo kòman pou yo kontakte w.
- Si w pa resevwa repons nan men yo, voye yon imèl rapèl amikal ba yo.

